

## Deklarasyon Enpak Jistis pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl

**Tit:** Plan Responsabilite ak MOU Boston Day and Evening Academy

**Dat:** 1 Desanm 2021

 Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal la](#) (REPT)? X Wi  Non

Si wi, mete dat( yo) reyinyon REPT yo ak lyen REPT ki fini yo la a:

 Èske yon manm nan Depatman jistis, estrateji ak diferans nan opòtinite te verifye deklarasyon sa? X wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon/travay la vle jwenn, ki gen ladan l tou elimine gwo diferans ki genyen yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite Elèv ak fanmi BPS yo (gwoup kle yo gen ladan moun nwa, latino, asyatik, endijèn, imigran, sak pale plizyè lang, ak sa ki gen fè eksperyans nan edikasyon espesyal yo)?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a konsantre sou yon nouvo Pwotokòl Akò (MOU an anglè) ant The Boston Public Schools ak Boston Day and Evening Academy (BDEA), yon lekòl Piblik endepandan nan distri a ak yon nouvo Plan Responsablite. Objektif amandman Konstitisyon BDEA yo (Plan responsablite Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè ak Pati A ak B MOU) se pou kontinye bay yon anviwonman lekòl ou fè konfyans, kote jèn granmoun yo ka bati yon vizyon pou avni yo atravè relasyon ki bay sipò ak bon jan eksperyans aprantisaj ki baze sou konpetans nan gwo priyorite estratejik nou an pou vin yon enstitisyon ki kont rasis. Modèl edikasyon nou an bay yon chemen klè nan direksyon yon karyè oswa edikasyon apre lekòl segondè. Enskripsyon yo ouvri pou tout moun k ap viv nan Vil Boston, yo aksepte tout moun ki aplike yo, epi 94% elèv nou yo pa gen koulè blan. Pwosesis aplikasyon pou renouvèlman MOU nou an se te yon kolaborasyon ant Konsèy Administrasyon nou an (9 sou 14 manm yo se moun ki pa gen koulè blan, twa ki pale 2 lang, 2 ki se paran elèv BDEA yo) ak ekip lidèchip lekòl la (7 sou 11 manm yo se moun ki gen koulè blan, youn ki pale 2 lang, de ki gen ekspètiz Edikasyon Espesyal ak Lang).</p>
<p><b>2. Adaptasyon ak plan estratejik la</b> <i>Ki jan pwopozisyon an/efò a adapte l ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Misyon BDEA a mache dirèkteman ak priyorite <b>plan estratejik BPS la pou elimine diferans ki genyen nan opòtinite ak reyisit yo</b>, pandan n ap sèvi yon popilasyon elèv ki depase laj ak ki pa suiv ase kou ke gradye nan lekòl segondè kapab gen yon enpak pozitif sou diferans nan richès akoz ras ak diferans nan aksè edikasyon nan Boston. BDEA abòde tou priyorite pou <b>gen konfyans</b> akòz envestisman inik nou an nan yon ekip sipò elèv ki gen 11 manm ki sousye de bezwen sosyal ak emosyonèl elèv nou yo. Finalman, priyorite estratejik jistis rasyal nou an mache ak angajman distri a genyen pou <b>fè tande plis tout vwa</b> yopandan n ap mete sou pye pratik pou rejwenn jistis nan tout aspè nan travay nou an, ranfòse gwoup k ap aji nan kesyon Jistis ki baze sou lekòl nou an pou evalye politik ak pwogram yo, epi fini fè yon revizyon nan kourikoulòm nou an pou reyalize bon jan pratik kiltirèl ak lengwistik ak yon ekip pèsonel ak elèv yo.</p>
<p><b>3. Analiz enfòmasyon yo</b> <i>Ki enfòmasyon nou te analize? Èske li te separe sou baz ras ak lòt faktè kle? Ki sa li te montre sou kesyon inegalite yo?</i></p>	<p>BDEA swiv done sou pwogrè elèv nou yo lè l sèvi avèk baz done ekip nou an, Connects. Anplwaye, pwofesè ak administratè yo anrejistre enfòmasyon sou byennèt sosyal ak emosyonèl chak elèv, pèfòmans akademik, prezans ak zòn yo. Nou gen de manm pèsonel apentan ki la pou jere done ak entegrite, ki gen ladan Analis Done ak Responsablite nou an (k ap dirije Ekip Lidèchip la). Revize done ki separe yo se yon pati ki toujou fèt nan reyinyon konsèy la chak mwa. Nou pral fè de sondaj elèv ane sa a: youn pou swiv devlopman idantite, pasyon ak pran risk (ni nan kòmansman ak ni nan fen ane lekòl la), epi youn pou mezire eksperyans</p>

	<p>lekòl la an jeneral ak enpak efò kont rasis nou yo. (ki te bay nan sezon prentan an). Tout done yo separe selon ras.</p> <p>Oto-evalyasyon BDEA pou elèv Edikasyon Espesyal ak elèv k ap aprann Anglè (EL) montre ke elèv nou yo ki gen Plan Edikasyon Espesyel jeneralman travay pi byen (prezans, fini kou ak sa yo kapte) pase elèv edikasyon jeneral yo. Elèv Anglè BDEA yo gen yon prezans ak yon pousantaj kou ki fini ki yon ti kras pi ba pase elèv edikasyon jeneral yo. Lekòl la te fè chanjman nan pwogramasyon an epi li te egzije tout pwofesè lèt yo pou yo gen 2 sètifikasyon nan ELL pou sipòte plis elèv EL nou yo.</p>
<p><b>4. Angajman konsène yo</b>  <i>Kiyès ki pran angajman an (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo), kòman, e ki sa sa te bay? Ki sa etidyan yo/fanmi yo ki plis santi enpak pwopozisyon sa a/efò sa a di?</i></p>	<p>Yo te fè tout moun ki gen konsène yo konnen pwosesis amannman konstitisyon nou an ak egzijans yo, epi tout gwou k ap sipòte pou BDEA kontinye kòm yon Horace Mann BPS Charter School. Moun ki konsène yo gen ladan yo ekip planifikasyon pou apre gradyasyon nou an, ekip sipò elèv, administrasyon, pwofesè yo, fanmi yo, elèv yo, ak Konsèy Administrasyon an. Ekip Legal BPS la ak prezidan Boston Teachers Union an te revize epi apwouve Pati A ak Pati B MOU yo. Biwo Charter School Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) te aksepte plan responsabilite BDEA a.</p>
<p><b>5. Estrateji sou Jistis Rasyal</b>  <i>Kòman, pwopozisyon sa a/efò sa a diminye inegalite epi ogmante jistis rasyal ak ekite? Ki kèk konsekans enprevi ki ka rive? Ki estrateji anplis ki ka pote avansman nan kesyon ekite a?</i></p>	<p>Vin yon enstitisyon ki kont rasis parèt nan tout travay nou nan plan estratejik aktyèl nou an. Pou ede nou reyalize objektif sa a, nou te kòmanse yon patenarya ak konsiltan Divèsite, Ekite, ak Enklizyon sa gen twa zan edmi. Konsiltan yo te antrene ekip lidèchip nou an ak tout anplwaye yo nan kesyon devlopman pwofesyonèl chak mwa. Nou menm tou nou ede nan devlopman pwofesyonèl chak mwa nan gwoup anplwaye resous ki baze sou ras.</p> <p>Kounye a, BDEA ap evalye ak revize kourikoulòm ki baze sou konpetans akademik nou an pou l ranfòse nan kesyon kilti epi pou l kont rasis. Nou mete konsyans jistis rasyal nan pratik rejwenn jistis (RJ) pou bati konfyans nan tout lekòl nou an. Sèk RJ yo se yon pati kle nan nouvo oryantasyon elèv nou yo ak devlopman pwofesyonèl pou anplwaye yo, epi yo itilize pou jere konfli ant tout manm kominote nou an. Nou òganize yon gwoup Alyans Divèsite/Sèks ak Seksyalite 2 fwa chak semèn, gwoup fanm yo, ak gwoup gason yo pou elèv yo, yo tout diskite sou sa ki lye yo ansanm ak rasis. Nou te bay priorite pou anplwaye ak entegre yon pèsònèl ak yon Konsèy ki byen reprezante.</p> <p>An mwayèn Elèv BDEA gen18 an epi li enskri ak senk kredi lekòl segondè. 100% elèv nou yo antre nan BDEA dèyè pou kòwòt yo a. Chak ane, apeprè 40-60 elèv BDEA gradye non sèlman ak diplòm lekòl segondè yo, men 50% kontinye nan yon Univèsite pandan de oswa kat ane. 30% enskri nan metye yo oswa yon chemen k ap vanse karyè. Sa yo se rezilta solid, paske tout elèv ki enskri nan BDEA riske pou yo abandone lekòl segondè.</p>
<p><b>6 Bidjè ak Egzekisyon</b>  <i>Ki enpak bidjè a? Kòman aplikasyon li pral reyalize tout objektif yo, patikilyèman objektif ki gen rapò ak jistis yo? Ki idantite gwoup ki nan ekip aplikasyon an, epi èske yap pote yon vizyon ki baze sou ekite?</i></p>	<p>Yo te mete finansman pou BDEA yo nan bidjè debaz BPS la depi kòmansman nou kòm yon lekòl, epi yo nan bidjè Ane Fiskal 2021 an. Apwobasyon amannman konstitisyon sa yo p ap ajoute okenn pri. BDEA gen yon politik admisyon ouvè. Konsèy nou an gen 65% moun ki pa gen koulè blan, e li gen 2 paran ak 2 manm pèsònèl la. Plis pase 70% nan anplwaye nou yo idantifye kòm moun ki pa gen koulè blan, ak 65% nan ekip lidèchip nou an idantifye kòm moun ki pa gen koulè blan. Finalman,</p>

	<p>kreyasyon pwogram BDEA 2.0 a, yon pwogram aprantisaj ki baze sou travay ki fèt espesyalman pou jèn gason ki pa gen koulè blan yo, se te yon repons dirèk a inegalite ki afekte jèn gason Nwa ak po klè yo ki t ap tombe dèyè kanmarad yo lè nou baze sou baryè inik y ap fè fas yo.</p>
<p><b>7. Responsabilite ak Kominikasyon</b> <i>Ki jan y ap evalye, dokimante epi pale sou enpak yo ak pati konsène yo? Kiyès ki pral responsab?</i></p>	<p>Si Komite Lekòl la ak Boston Teachers Union apwouve amannman konstitisyon BDEA a, yo pral voye yo bay DESE pou apwobasyon final la an <b>janvyè 2022</b>. DESE, BPS, ak Konsèy BDEA a responsab pou sipèvizyon ak responsablite pou lekòl la pi devan. N ap mete tou nouvo amannman konstitisyon nou yo nan rapò anyèl nou te kreye nan sezon ete 2022.</p>